# F.SHERJANOVANIŃ «BULUTLI KÚNLER» DRAMASINDA YUSUPOV IBRAYIM OBRAZINIŃ JARATILIWI

***Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı***

*Berdaq atındaǵı QMU magistrantı*

*elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

Annotaciya. Maqalada qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili tulǵası, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Ibrayim Yusupovtıń kórkem obrazın dramaturgiyada sáwlelendiriw máseleleri analizlendi. F. Sherjanovanıń "Bulutlı kúnler" dramasındaǵı shayırdıń ishki dúnyası hám psixologiyası analizlengen. Avtordıń tariyxıy shaxstı saxna shıǵarmasına alıp keliwdegi kórkemlik izlenisleri hám usılları ashıp berilgen.

Gilt sózler. Ibrayim Yusupov, kórkem obraz, drama, qaraqalpaq dramaturgiyası, tariyxiy shaxs, saxna talantı, ádebiy tásir, xarakter, qaharman.

XX ásir qaraqalpaq dramaturgiyasının rawajlanıwında belgili úles qosqan izertlewshilerden biri – Fazu Sherjanova. Avtordıń «Qaraqalpaq dramaturgiyasında tragediya janrınıń qáliplesiw hám rawajlanıw evolyuciyası» teması boyınsha izertlew jumısların alıp barǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Bul miynetinde tragediya, drama janrlarınıń izertleniwi, tragediya janrınıń payda bolıwı hám taǵı basqa máseleler boyınsha maǵlıwmatlar keltirilip ótilgen.

Qaraqalpaq dramaturgiyasında óz dáwiriniń qaharmanlarınıń prototipin jaratıw boyınsha birqansha dramalıq shıǵarmalardıń jazılǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Máselen, T.Allanazarovtıń «Aydos baba», A.Otawlievtıń «Ernazar alakóz», Q.Mátmuratovtıń «Berdaq», M.Nızanovtıń «Ayaziy», «Ziywar», «Berdaq», K.Karimovtıń «Berdaq», Gúlistan Matyakubovanıń «Qatarda narıń bolsa» tórt aktlı

poetikalıq draması, F.Sherjanovanıń «Bultlı kúnler» atlı altı kórinisli dramaların kóriwimizge boladı.

F.Sherjanovanıń Ámiwdárya jurnalınıń 2025-jıl №3-sanında «Bultlı kúnler» atlı altı kórinisli draması berilgen. Dramada; tómendegi qatnasıwshılardı qatnastıra alǵanlıǵın kóriwimizge boladı.

Qatnasıwshılar:

Yusup axun – 55 jasta

Xanbiybi elti – 26-30 jaslarda

Tergewshi – 30 jaslarda

Máden – 8 jasta, 17 jasta

Ibrayım – 4 jasar, 12 jasar, 16 jasar

Tólegen – muǵallim – 30 jasta

Asxat muǵallim – 30 jasta

Mektep direktorı – 45 jaslarda

Komsomol eki jigit – 14 jasta

Brigadir – 45 jasta

Jámiyla – 19 jasta

Milicioner – 30 jaslarda

Hayal miliciya xızmetkeri - 30 jaslarda

Miliciya járdemshisi – 30 jaslarda

(Awıl adamları, hayallar hám balalar)

Ǵárezsizlik dáwir dramaturgiyasında XX ásirde jasap dóretiwshilik etken shayır I.Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi, anası Xanbiybi elti, ajaǵası Máden, sol dáwirdegi ekinshi jáhán urısınan úzindiler súwretlengen. Drama kompoziciyalıq jaqtan 6 kórinisten ibarat bolıp, birinshi kórinisinde Yusup axun, tergewshi, erkek miliciya, Máden, Ibrayım obrazları súwretlengen. Bunda waqıyalar Yusup axun átirapında bolıp, oǵan tergewshi hár túrli sorawlar berip, Keńes húkimetine qarsı qansha súrenler bastırıp tarqattıń, hayal ústine ekeinshi hayal alǵansań, balalardı oqıtaman dep aldap, olardı qulday qılıp jumsaǵanlıǵı, mámleketlik paxta isin orınlamaǵanlıǵı tuwralı ayıplawlar qoyılıp atır.

Tergewshi: - Sonıń ushın olardı qul qılıp jumsadım de, ata-analarınan oqıtqanıń ushın aqsha alıp bayıǵanıńdı jasırǵıń kelip tur ma? Qaǵaz kóbeytip basatuǵın úskeneńde Keńes húkimetine qarsı qansha súrenlerdi basıp tarqattıń?

Yusup axun: - (Ol birden basın kóterip, tergewshige tiklenip qaraydı) – Bul múmkin emes! Bul sózińiz hesh te haqıyqatlıqqa tuwrı kelmeydi. Ol kitap túpleytuǵın úskene. Onnan men xúsnixat sıpatında paydalanǵanman.

Mine, bul qatarlar arqalı shayır I.Yusupovqa ayırım insanlardıń jala jawıp, kesiri tiyip atırǵanlıǵın kóremiz. Waqıya sońında shayır qamalıp, onnan balaları Máden, Ibrayımnıń halınan xabar alıwǵa kelgenlikleri kórsetiledi. Shayırdıń lagerde jumıs islep júrgenleri hám haldan tayıp, bul dúnyadan kóz jumǵanlıǵı sáwlelengen.

Dramanıń ekinshi kórinisinde bolsa, Ibrayımnıń anası Xanbiybi obrazınıń xarakterin ashılǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Máselen:

Xanbiybi: - Meyli inim, balamdı oqıtıwǵa men de qarsı emespen. Siz qáweterlenbeń. Ibrayımdı ózim mektepke alıp baraman.

Muǵallim: - Sizge raxmet, apa. Geybirewler usılay desek durıs túsinbey, balaların oqıtıwǵa qarsı boladı. Sizdey basqa analar da balaların oqıtıwǵa ıqlaslı

bolǵanda qanday jaqsı bolar edi. Al, yaqshı apa, endi basqa da úylerge barıwım kerek.

Joqarıdaǵı qatarlar arqalı dramanıń bas qaharmanlarınan biri - Xanbiybi obrazınıń sol dáwirdegi tek ǵana ana obrazı sıpatında emes, durıs jol-joba kórsetip, tuwrı jolǵa salıwshı, balalardıń rawajlanıp, bilim alıw tilegine qarsı bolmay qollap quwatlawshı bir jetik insan sıpatında kóz aldımızǵa keltire alamız. Sebebi jalǵız baslılıǵına qaramay balamdı oqıtaman dep talpınıwınıń ózi bul – jámiyettiń rawajlanıwına úlken úles qostı desek qátelespegen bolamız. Qánekey, hár bir ata-ana balasın oqıtaman dep, sol dáwirdiń qıyınshılıqlarına qaramay talpınıp tursa! Al, ayırım ata-analardıń olardı durıs túsinbey, balaların oqıwǵa beriwge qorqqanlıǵın dramalıq shıǵarmalartdan basqa da prozalıq shıǵarmalarda da kóriwimizge boladı.

Dramanıń úshinshi kórinisinde bolsa, mektep turmısınan sóz etiledi. Bunda Ibrayımnıń mektepte súwretiniń diywallı gazetada ózi jazǵan qosıǵı menen iliniwli turǵanlıǵı, balalardıń tańlanıp qosıqtı oqıp, ózi jazǵanlıǵına isenbey Tólegen degen muǵallimnen soraǵanları berilgen. Bunnan tısqarı, kommunistlerdiń aramızda «xalıq dushpanları» ızǵıp júr eken, saq bolıwımız kerek degen súren taslaǵanları, onı Paqırbay menen Tólegen muǵallim Ibrayımnıń esitip qalıwın qálemeydi.

Bunnan keyingi tórtinshi kórinisde Aytmurat penen Baxadırdıń xarakterleri ashıp beriledi. Baxadır menen Aytmurat keshte geshtekten qaytıp kiyatırǵanda jolda Ibrayımdı kóredi. Onıń ajaǵası Mádendi «xalıq dushpanınıń» balası dep mazaqlaǵanı ushın Máden Baxadırdı ólesi etip urǵanı yadına túsip, óshin Ibrayımnan alıwdı oylaydı.

Baxadır: - Onda bunday qosıqlar ne jesin. Ózi «xalıq dushpanınıń» balası bolsa. Hmm.

Aytmurat: - Qáne, sumkasın tintip kóreyik. Shayır jigittiń qosıqları qanday mazmunda eken?

Ibrayım: - Aǵalar, men ketiwim kerek. Ózi mektepten de kesh shıqqan edim. Jolda apam da kútip turǵan shıǵar .

Bul qatarlar arqalı Aytmurat penen Baxadırdıń Ibrayımǵa bolǵan unamsız xarakterleri, oǵan oylaǵan Jamanlıqları ashıq aydın súwretlep berilgen. Baxadırdıń «xalıq dushpanınıń» balası dep pás názer menen qarawı, Aytmurattıń sumkaların tintip, onıń qosıqların oqıp kóriwleri sıyaqlı unamsız jaǵdayları kórsetilgen. Kórinis sońında anasınıń kelip qalǵanlıǵı sebepli Ibrayımǵa heshnárse qıla almay qaladı, biraq olar Ibrayımdı «Keńes húkimeti, axun, ulamalardı jazıqsız qamap atır» degen mazmunda qosıq jazdı degen ótirik maǵlıwmat tarqatıp jiberedi. Ibrayımǵa bolǵan unamsız kózqaraslardıń payda bolıwına sebepshi boladı.

Bunnan keyingi besinshi kórinisde bolsa, mektep direktorınıń kabineti súwretlenip, onda mektep direktorı, organ xızmetkeri, miliciyalardıń ózara sáwbetinen baslanadı. Bunda miliciyalar mektebińizde «Keńes húkimeti, axun, ulamalardı jazıqsız qamap atır» degen mazmunda qosıq jazıp júrgen «xalıq dushpanlarınıń» balası bar eken dep, izlep kelgen boladı. Bunı Asxat muǵallim anıqlastırıp, Ibrayımnan bunda ayıbı joq ekenligin, bunday mazmunda qosıq jazbaǵanlıǵın dálilleydi hám kórinis sońında urıs baslanıp ketedi.

Altınshı kórinisde bolsa, urısqa Ibrayımnıń ajaǵası Mádenniń urısqa ketiwi, Aytmurat penen Baxadırdıń Ibrayımnan kelip keshirim sorawları, Ibrayımnıń ajaǵasınıń ornına tabelshilikti dawam ettirip, oqıwın qoyıp xalıqqa járdem kórsetiwleri beriledi.

Brigadir: - Súyinshi, súyinshi beriń, jeńge!

Xanbiybi elti: -Ne boldı? Tezirek aytós shıraǵım!

Brigadir: - Balańızdıń qosıǵı qalada úlken gazitte basılıp shıǵıptı. Qarań! (Xanbiybi elti gazetanı túsinbey quyashtıń jaqtısına arman-berman tutıp qaraydı.

Soń basındağı oramalınıń ushın jazdırıp, onıń shetine gazetanı tórt búklep saladı da, oramalın qayta basına orap qoyadı.)

Brigadir: - Súyinshisin moldan beresiz, jeńge! Jáne quwanıshlı xabar! Balańız Ibrayım qaladağı úlken oqıwǵa kiripti.

Urısta jeńiske erisip, Ibrayımnıń qosıǵınıń qaladağı úlken gazetada basılıp shıqqanlıǵı, úlken oqıw ornına student bolıp kirgenligi beriledi.

Juwmaqlap aytqanda, dramaturg F.Sherjanovanıń bul draması qaraqalpaq dramaturgiyasında elewli orınǵa iye dóretpe boldı. Tariyxta jasap, dóretiwshilik etken tariyxıy tulǵalarımızdıń obrazın jańa áwladqa jetkerip beriwdegi xızmetleri úlken. Dramada jetiskenlikler menen bir qatarda, kemshilikler de ushırasadı. Dramadağı waqıyalar qısqa bolıp qalıwı menen, altınshı kórinisdegi waqıyalarda ayırım epizodlardıń túsip qalıwı sebepli, ayırım waqıyalar tolıq jetkerilmey qalǵan. Avtor dialog, monolog hám remarkalardan ónimli paydalanıp, obrazlardıń xarakterin ashıp bere alǵan.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Палимбетова М. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ драматургиясы. – Ташкент: Impress media, 2023. – Б. 120.

2. Шержанова Ф. «Қарақалпақ драматургиясында трагедия жанрының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы эволюциясы»: Филол. фан. фалс. док…. (PhD) дис. – Нукус, 2022.

3. Шержанова Ф. Бултлы кунлер. Әмиударья, 2025-жыл. №3.